KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

B3

DONGÉNG JANITI

DONGENG JANITI



Penulis : Indah Eka Lestari
Ilustrator : RuhiArt

KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

DONGÉNG JANITI

DONGENG JANITI



Penulis : Indah Eka Lestari
Ilustrator : RuhiArt

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintahan dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini disusun dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.

Dongéng Janiti
Dongeng Janiti

Penanggung jawab: Herawati
Penulis : Indah Eka Lestari
Penerjemah : Irma Susanti Irsyadi
Ilustrator : RuhiArt
Penelaah : Tendy K. Somantri
Penyunting : Desie Natalia
Penata letak : Maman Sulaeman

Penerbit
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
Jalan Sumbawa Nomor 11, Bandung 40113
Pos-el: balaibahasa.jabar@kemendikdasmen.go.id
Laman: www.balaibahasajabar.kemendikdasmen.go.id
Instagram: @balaibahasajabar
Facebook: Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat
YouTube: Balai Bahasa Jawa Barat
Telepon: (022) 4205468

Cetakan kedua, 2025
ISBN 978-623-118-551-8

Isi buku ini menggunakan huruf Comic Sans 14pt, Vincent Connare.
V, 44 hlm: 21 x 29,7 cm.

Pesan Bu Hera

Hai, anak-anakku sayang. Salam literasi!

Buku-buku hebat ini dipersembahkan untuk kalian. Kalian dapat menyimak atau membaca cerita-cerita yang menarik di dalamnya. Buku ini dipersembahkan dalam dua bahasa, yaitu bahasa daerah dan bahasa Indonesia. Buku dwibahasa ini mengajak kalian untuk mengenal bahasa dan budaya daerah di Jawa Barat. Ilustrasi yang memukau juga akan membantu kalian memahami jalan cerita. Semoga kalian menyukai buku-buku ini dan makin gemar membaca.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat,

Dr. Herawati, S.S., M.A
19771012200112200 5

Selain menyajikan cerita bermuatan lokal yang menarik
untuk pembaca sasaran jenjang B2 dan B3,
buku ini juga mengajarkan anak-anak untuk tetap
mencintai bahasa daerah.
Semoga Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat semakin banyak
menerbitkan buku-buku seperti ini.
(Benny Rhamdani, penulis dan pemerhati buku anak).

Janiti

Janiti





Imah Janiti téh sok sering disebut siga istana putri.
Di buruanana marakbak rupa-rupa kekembangan, éndah jeung camperenik.
Komo deui lamun keur loba kukupu. Siga dina buku dongéng cenah.

Rumah Janiti sering disebut
sebagai istana putri.
Di halaman bunga warna-warni bermekaran, indah dan asri.
Apalagi ketika kupu-kupu berdatangan. Seperti berada di dalam buku dongeng.

Nu melak kekembangan téh Bunda Asri,
indung Janiti jeung Alamanda. Keur jualeun saenyana mah.
Aya kembang eros, kembang aster, kembang dahlia, kembang anggrék,
jeung réa-réa deui.

**Bunga-bunga itu ditanam Bunda Asri,
ibu Janiti dan Alamanda. Sebenarnya, bunga-bunga itu untuk dijual.
Ada bunga mawar, aster, dahlia, anggrek, dan banyak lagi.**



Saban isuk jeung burit ku Bunda Asri
kekembangan téh diceboran.
Katingali pisan Bunda Asri resep jeung bungah.
Rarayna marahmay teu leupas ti imut.
Teu siga nu keur ngurus dagangkeuneun sakapeung mah.

Setiap pagi dan sore Bunda Asri
menyirami bunga-bunga itu.
Terlihat jelas Bunda Asri merasa senang dan bahagia. Bunda Asri.
Wajahnya berseri-seri, tak lepas tersenyum.
Seolah-olah ia tidak sedang mengurus barang jualan.



Ari Janiti jeung Alamanda
sok anteng nénjo tina jandéla kamar.
Bangun nu reueus tur deudeuh ka indungna nu keur ngurus kembang..

Sementara itu, Janiti dan Alamanda sering memandang Bunda Asri dari jendela kamar. Tampaknya, mereka bangga dan haru melihat ibunya yang sedang mengurus bunga.





Kitu deui lamun keur aya nu meuli,
duanana sok mantuan indungna.
Alamanda mah sok hideng mangmawakeun kantong kembangna. Ari Janiti mah da céréwéd, sok wantér ngajéntrékeun kembang jeung kaonjoyanana.

**Begitu juga ketika ada pembeli,
keduanya ikut membantu Bunda Asri.
Alamanda biasanya membantu
membawakan kantung pembungkus bunga. Sementara itu, Janiti yang cerewet sering ikut menjelaskan setiap bunga dan kelebihannya.**

Resep mah lamun loba nu pesen keur wisudaan,
tunangan, atawa nikahan. Kembang téh dibungkus ku rupa-rupa
kertas kraf bukét. Alamanda nu geus bisa mantuan ngabukét téh.

**Rasanya, senang sekali ketika banyak pesanan
untuk acara wisuda, pertunangan, atau pernikahan.
Bunga-bunga biasanya dibungkus kertas kraf buket berwarna-warni. Baru
Alamanda yang sudah bisa membantu membuat buket.**





Tapi, tampolana dagangan Bunda Asri ogé ngalaman teu payu.
Najan cenah teu nanaon, tapi angger sok katingali sedih. "Wios teu pajeng gé, resep da, pan janten seueur kembang di buruan urang," kitu pokna.

**Namun, terkadang dagangan Bunda Asri tidak laku.
Meskipun mengatakan tak apa-apa, tapi ia terlihat sedih.
"Tidak apa-apa tak laku, senang juga kok, kan jadi banyak bunga di halaman rumah kita," begitu katanya.**

Nu matak lebar mah kembang eros,
lantaran sok jadi beukah jeung gancang layu.
Najan lamun dicaian mah sok katingali seger kéněh.

Sayangnya, bunga mawar cepat merekah dan cepat layu.
Padahal, ketika disiram air, bunga itu masih terlihat segar.





Istilahna téh rék "disayur", makuta eros anu méh beukah jeung muguran téh ku Alamanda sok rajeun dipulungan. Disimpen diapik-apik. Malahan mah siga nu atoh.

Istilahnya "disayur" saja, mahkota mawar yang merekah dan berguguran kemudian dipungut Alamanda. Disimpannya baik-baik. Ia kelihatannya senang sekali.

Hiji poé Janiti nanya ka Alamanda,
lanceukna, naon pangna resep kana makuta eros nu muguran.
"Rusiah!" Lanceukna némbal téh ngaheureuyan. Janiti mingkin
panasaran.

**Suatu hari Janiti bertanya kepada Alamanda,
kakaknya, mengapa ia menyukai mahkota mawar yang berguguran.
"Rahasia!" Kakaknya menyahut untuk menggodanya. Janiti jadi tambah
penasaran**





Ahirna Janiti diajak ka kamar ku lanceukna.
Tuluy, dicaritakeun yén éta makuta eros téh dijadikeun 'herbarium'. Disimpen dina kaca buku sangkan garing. Éta makuta anu tadina layu téh jadi alus, sanajan warnana jadi leuwih kolot.

**Akhirnya Janiti diajak ke kamar oleh kakaknya.
Lalu, kakaknya bercerita bahwa mahkota-mahkota mawar itu dijadikan 'herbarium'. Disimpan di dalam halaman buku sampai kering. Mahkota mawar yang layu pun menjadi cantik, meskipun warnanya menjadi lebih tua.**

Janiti kataji pisan
nalika apal buku nu jadi média hérbariumna téh horéng loba.
Karék tujuh buku anu ditingali ku manéhna. Aya makuta nu disimpen dina buku dongéng, dina buku tulis, dina buku telepon anu badag, jeung réa-réa deui.

Janiti terpesona saat mendapati banyak buku yang menjadi media herbarium. Namun, ia baru melihat tujuh buku. Ada mahkota mawar yang disimpan di dalam buku dongeng, di dalam buku tulis, di dalam buku telepon besar, dan lain-lain.





Janiti tuluy nanyakeun deui,
sabada dihérbarium éta kembang dikumahakeun.
Rada hanjakaleun basa apal yén
kembangna ukur dijadikeun wawates buku.
Katambah deuih da lanceukna mah resep maca buku.

**Janiti lalu bertanya lagi,
apa yang dilakukan setelah bunga dijadikan herbarium.
Ia agak kecewa ketika tahu bahwa bunga itu hanya dijadikan pembatas buku. Tentu saja, itu karena kakaknya sangat suka membaca buku.**

Sanajan enya éta wawates buku
tina hérbarium téh lucu katingalina.
Makuta nu garing ditémpélkeun dina keretas asturo warna-warni tuluy dipitaan.
Malahan mah cenah sakapeung bukuna sok jadi seungit.

Memang, pembatas buku dari herbarium itu terlihat imut.
Ditempelkan pada kertas asturo warna-warni dan diberi pita.
Bahkan, terkadang bukunya menjadi harum.



Peutingna Janiti mah jadi teu bisa saré.
Kalah mikiran hérbarium lanceukna. Manéhna mikir yén sigana aya nu dirasakeun ku saban makuta kembang nalika disimpen dina buku.

Malamnya Janiti tidak bisa tidur.
Ia malah memikirkan herbarium milik kakaknya. Ia berpikir mungkin ada yang dirasakan oleh setiap mahkota bunga saat disimpan di dalam buku.



BUNGA DI NEGERI DONGENG





BUNGA DI LUAR ANGKASA

BUNGA DI NEGERI BAWAH LAUT



Boa kembang anu disimpen
dina buku dongéng mah bisa ningali kahirupan di nagri dongéng.
Boa kembang anu disimpen dina buku planét mah asa hiber ka langit.
Boa kembang anu disimpen dina buku laut mah asa ngangkleung.

**Jangan-jangan bunga yang disimpan
di dalam buku
dongeng bisa melihat kehidupan di negeri dongeng. Jangan-jangan bunga
yang disimpandi dalam buku planet serasa terbang ke langit.
Jangan-jangan bunga yang disimpan di dalam buku laut serasa berlayar.**

Ku lantaran mingkin panasaran,
sabada yakin lanceukna tibra, éta buku-buku téh ku Janiti
dibukaan deui. Bray, aya cahaya kaluar tina buku.

Karena semakin penasaran,
setelah yakin kakaknya
tertidur pulas, buku-buku tadi dibuka lagi oleh Janiti. Pyar, ada cahaya
keluar dari dalam buku.



Buku nu mimiti dibuka téh
buku dongéng sasatoan di leuweung. Enya wé makuta kembang eros
téh jadi boga suku jeung leungeun, tuluy katingali jalan-jalan. Makuta
kembang eros téh siga nu keur piknik di kebon binatang.

**Buku pertama yang dibuka adalah buku dongeng
tentang hewan-hewan di hutan. Ternyata benar,
mahkota mawar itu kini punya kaki dan tangan, lalu terlihat berjalan-jalan.
Mahkota mawar itu seperti sedang piknik di kebun binatang.**





Janiti muka deui buku nu séjén.
Buku nu kadua téh buku planét.
Makuta kembang eros maké kostum astronot. Janiti sarua asa ngarasa aya di luar angkasa. Manéhna nangtung bari mentangkeun leungeun, tuluy puputeran ngabayangkeun rék ka bulan.

Janiti membuka buku yang lain. Buku kedua adalah buku planet. Mahkota bunga mawar memakai kostum astronot. Janiti pun serasa sedang berada di luar angkasa. Ia berdiri sambil merentangkan
tangannya, lalu berputar-putar dan membayangkan pergi ke bulan.

Buku katilu nu dibuka téh
buku seri bubuahan.
Makuta kembang eros téh katingali keur cacamuilan. Janiti seuseurian ningalina. "Horéng, bisa lapar ogé geuning, nya?" ceuk pikirna.

Buku ketiga yang dibuka adalah seri buah-buahan. Mahkota bunga mawar terlihat sedang asyik makan. Janiti tertawa-tawa melihatnya. "Ternyata, bunga bisa lapar juga, ya?" begitu pikirnya



Panungtung,
Janiti muka buku tulis élok urut manéhna. Di dinya mah makuta kembang eros téh keur ceurik. Pédah tulisan élokna butut kitu, ceuk pikirna.
"Sanés, abdi sedih lantaran kudu muguran tuluy papisah jeung nu séjén," pokna. Janiti reuwas jeung milu sedih basa ngadéngé kitu.
Geuwat wé buku ditutup.

Terakhir,
Janiti membuka buku menulis elok miliknya dulu.
Di sana mahkota bunga mawar sedang menangis. Apakah gara-gara tulisan sambungku jelek, begitu pikirnya.
"Bukan, aku sedih karena gugur dan terpisah dari yang lain," kata mahkota bunga mawar. Janiti kaget dan ikut merasa sedih mendengarnya. Ia langsung menutup buku tersebut.





Isukna Janiti jadi kabita
mulungan makuta kembang eros nu muguran. Leuwih ti heula malahan mah batan lanceukna. Manéhna hayang sarua bisa ngamangpaatkeun kembang nu layu. Mimitina mah nepi ka parebut sagala, tuluy ku indungna dibagi dua. Teu lila gé akur deui.

Esoknya, Janiti ikut memunguti mahkota bunga mawar yang berguguran. Ia bahkan melakukannya lebih awal daripada kakaknya. Ia pun ingin memanfaatkan bunga yang layu. Awalnya, mereka berdua berebut sehingga Bunda Asri harus membagi dua bunga-bunga itu.Tak lama keduanya sudah akur kembali.

Janiti mikir kudu dikumahakeun éta makuta eros téh. "Naha kudu sarua dihérbarium, dironcé dijieun geulang, atawa 'disayur' waé?" Janiti ngahuleng rada lila.

Janiti berpikir apa yang harus ia lakukan denganmahkota bunga mawar itu. "Apakah dibuat herbarium, dironce menjadi gelang, atau "'disayur"' saja?" Janiti agak lama termenung.



JANITI BENGONG



JANITI MEMBUAT HERBARIUM BUNGA

JANITI MERONCE BUNGA.





Janiti meunang ide.
Geuwat manéhna mawa kertas HVS tuluy ngagambar budak awéwé.
Éta makuta eros téh dieléman tuluy ditémpélkeun jadi baju gambar budak.Siga kertas barbie anu sok dijualan di sakolana.

Janiti mendapat ide.
Segera ia mengambil sehelai kertas HVS dan menggambar seorang anak perempuan. Mahkota bunga mawar dilem dan ditempelkan menjadi baju gambar anak perempuan itu. Jadinya, seperti permainan BP Barbie yang dijual di sekolahnya.

Janiti anténg nempél-nempélkeun
kembang sorangan. Sakapeung asa siga nu keur nyieun dunya
kembang. Tuluyna mah éta gambar téh jadi siga buku carita.
Aya rupa-rupa tokoh budak awéwé anu dibajuan ku kembang,
di gigirna ditulisan pagunemanana.

**Janiti asyik menempel-nempelkan bunga sendirian.
Terkadang ia merasa sedang membuat dunia bunga.
Selanjutnya, gambar-gambar itu menjadi seperti buku cerita. Ada berbagai tokoh anak perempuan berpakaian dari bunga. Di pinggirnya ia tuliskan percakapan.**





Saban poé kitu ayeuna mah pagawéan Janiti téh.
Nungguan aya kembang nu muguran keur dijadikeun bahan baju dina gambarna.
Indung jeung lanceukna milu reueus da geuning gambarna téh loba pisan,
ditémpélkeun dina témbok kamarna. Sakapeung malahan mah Janiti
sok ngadongéng sagala tina gambar téh. Janiti pinter pisan ngarang carita jeung
ngadongéngkeunana.

Setiap hari itulah yang dilakukan Janiti.
Ia selalu menunggu bunga-bunga yang gugur untuk dijadikan bahan pakaian dalam gambarnya. Ibu dan kakaknya ikut bangga karena ternyata gambarnya banyak sekali dan ditempelkan di tembok kamarnya. Terkadang, Janiti juga mendongengkan gambar-gambar tersebut. Ia pandai mengarang cerita dan mendongengkannya.



Janiti nu resep jajan,
jadi boga ide ngajual gambarna ka babaturanana. Salambar gambar,
lém, jeung kembang lima warna téh hargana dua rébu.
Kumaha wé kertas BP Barbie. Babaturanana katingali raresepeun
masangkeun baju BP tina kembang.

**Janiti yang suka jajan,
punya ide menjual gambar buatannya kepada teman-temannya.
Selembar gambar, lem, dan bunga lima warna seharga dua ribu rupiah.
Sama seperti harga kertas BP Barbie. Teman-temannya terlihat senang
memasang-masangkan baju BP yang terbuat dari bunga.**

Pasosoré Janiti jeung babaturanna limaan ngariung di buruan, nyoo kertas BP tina kembang. Sakali séwang ka hareup ngadongéngkeun gambarna séwang-séwang. Nu asalna éraan gé jadi wantér da cenah resep. Aya nu nyaritakeun ratu kayas, aya nu nyaritakeun budak jeung monster, ogé aya nu nyaritakeun budak nu resep gunta-ganti baju. Di imah Janiti jadi ngadadak haneuteun ku nu ngadongéng.

Pada sore hari Janiti dan lima temannya berkumpul di halaman, bermain kertas BP yang terbuat dari bunga. Bergiliran mereka maju ke depan untuk mendongengkan gambarnya masing-masing. Yang asalnya pemalu menjadi percaya diri karena senang melakukannya. Ada anak yang mendongeng tentang ratu merah jambu, ada yang mendongeng tentang anak dan monster, ada juga yang mendongeng tentang anak yang senang berganti-ganti pakaian. Rumah Janiti menjadi hangat karena banyaknya anak yang mendongeng.





Sabada babaturanna baralik, Janiti mah geus mikir rék dikumahakeun deui éta makuta kembang eros nu muguran téh. Nu matak panasaran mah Janiti seja ngahérbarium makuta kembang eros dina kitab suci Al-Qur'an. Kira-kira éta makuta kembang bakal kumaha nya...

Setelah teman-temannya pulang, Janiti langsung berpikir apa lagi yang akan ia lakukan dengan mahkota bunga mawar yang berguguran. Yang membuatnya penasaran, bagaimana bila ia berniat membuat herbarium mahkota bunga mawar di dalam kitab suci Al-Quran. Kira-kira mahkota bunga mawar itu akan mengalami kisah seperti apa ya ...?

BIODATA PENULIS

Indah Eka Lestari lahir di Bandung pada 28 Maret 1997. Ia tinggal di Jalan Jayagiri Kp. Bbewak Lembang Bandung Barat. Ia alumni Pendidikan Bahasa Sunda UPI. Ia senang membaca, menulis, makan es krim, dan menyukai pelangi. Ia dapat dihubungi di nomor ponsel 089691682098 dan pos-el kanggetari@gmail.com.



BIODATA PENERJEMAH

Irma Susanti Irsyadi adalah seorang pengajar bahasa asing dan pegiat literasi. Selain mengajar, setiap hari ia aktif mengasuh komunitas menulis yang ia beri nama Nulis Aja Dulu (NAD). Komunitas yang sudah berdiri sejak 2018 ini berbasis media sosial dan beranggotakan kurang lebih 26 ribu orang. Ia juga aktif menulis dan sesekali menerjemahkan. Ia sudah menghasilkan sebuah novel (2019) dan sebuah kumcer (2021).

Ia bisa disapa di akun FB dan IG-nya dengan nama sama: Irma Susanti Irsyadi.



BIODATA ILUSTRATOR

RuhiArt, memiliki nama asli Ruhiat sering di sapa Ruhi. Ilustrator asal Kabupaten Bandung Barat ini menyukai dunia menggambar sejak kecil. Mendalami Ilustrasi dan Desain di Fakultas Desain Komunikasi Visual tahun 2016. Mulai merambah ke ilustrasi buku anak pada tahun 2021. Ilustrasinya dapat dilihat di instagram @ruhiart0210

PERJENJANGAN BUKU

BERDASARKAN PERATURAN KEPALA BSKAP
NOMOR 030/P/2022 TENTANG PEDOMAN PERJENJANGAN BUKU

PEMBACA DINI

Jenjang pembaca yang baru kali pertama mengenal buku yang memerlukan perancah untuk mendampingi anak membaca

A

PEMBACA AWAL

Jenjang pembaca yang memerlukan perancah dan mampu membaca teks berupa kata/frasa dengan kombinasi bunyi huruf, klausa, kalimat sederhana, dan paragraf sederhana

B1 B2 B3

PEMBACA SEMENJANA

Jenjang pembaca yang mampu membaca teks secara lancar berbentuk paragraf dalam satu wacana

C

PEMBACA MADYA

Jenjang pembaca yang mampu memahami beragam teks dengan tingkat kesulitan menengah

D

PEMBACA MAHIR

Jenjang pembaca yang mampu membaca secara analitis dan kritis berbagai sumber bacaan untuk menyintesis pemikiran secara lebih baik

E



CATATAN: RENTANG USIA MERUPAKAN KESETARAAN JENJANG, BUKAN MENJADI ACUAN UTAMA PERJENJANGAN BUKU. ACUAN UTAMA TETAP PADA KEMAMPUAN MEMBACA.

Ayo, Baca Buku di Penjaring!



Pindai untuk akses laman!



Halo,
Anak-Anak Indonesia!

Yuk, kunjungi kanal YouTube Penjaring Pusdaya untuk menikmati cerita anak dalam bentuk buku audio video yang dilengkapi dengan bahasa isyarat! Jangan lupa klik suka dan langganan, lalu bagikan ke teman-temanmu.

https://www.youtube.com/@penjaring



Janiti adalah anak perempuan berusia delapan tahun. Ibunya adalah seorang penjual bunga bernama Bunda Asri. Janiti punya seorang kakak perempuan bernama Alamanda. Bunda Asri adalah seorang perempuan yang sangat menyukai bunga-bungaan. Oleh karena itu, selain berjualan bunga di halaman rumahnya, Bunda Asri menamai kedua anaknya dengan nama bunga, Janiti dan Alamanda,
Berjualan bunga tidak mudah. Terkadang ada bunga yang tidak laku, padahal bunga cepat layu. Salah satu bunga yang mudah layu adalah mawar. Alamanda merasa sedih apabila ada bunga

mawar yang mulai layu.
Dia ingin sekali membuat bunga-bunga itu awet. Alamanda punya ide! Mahkota bunga mawar yang gugur dan mengering diambilnya, lalu dijadikan pembatas buku.
Sementara itu, Janiti punya cara sendiri untuk memanfaatkan mahkota bunga mawar yang gugur.
Ia kemudian bisa melihat dunia-dunia yang dilewati oleh bunga tersebut.



KEMENTERIAN
PENDIDIKAN DASAR
DAN MENENGAH
2025

ISBN 978-623-118-551-8
9 786231 185518